



Pou Piblikasyon Imedya: 01/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AK DEPATMAN SANTE ETA NEW YORK ANONSE YON  
KONSÒSYÒM EKSPÈ POU REPONN AK COVID PWOLONJE A**

***Senpozyòm Edikatif la reyini ansanm Ekspè Sante Piblik ak Defansè Pasyan yo  
pral bay repons Eta a enfòmasyon pou idantifye epi trete COVID pwolonje a***

***Evènman vityèl la ap ouvri pou piblik la epi l ap fèt jedi 3 fevriye a 8:45 AM - 2:30  
PM***

***Enskri pou evènman gratis la [isit la](#)***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke Eta New York ap akeyi yon panèl ekspè ki dirije pa Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a sou COVID pwolonje a jedi 3 fevriye. Se Komisè Sante Eta a, Doktè Mary T. Bassett, k ap akeyi evènman an, epi l ap konpoze ak twa panèl k ap prezante rechèch, aspè klinik ak fonksyonèl defi sante piblik enpòtan sa.

"Pandan New York ap kontinye konba li kont COVID-19 la, n ap pran mezi pou abòde enpak COVID pwolonje a, k ap genyen ladan l yon divès sentòm ki kontinye afekte sante ak byennèt Nouyòkè yo nan fason negatif," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Eta New York State konvoke yon panèl pi gran ekspè nan sante piblik - premye evènman nan kalite sa pou Eta a - rasanble enfòmasyon, repere defi yo epi kreye solisyon pou bay Nouyòkè yo tretman, sipò ak resous yo bezwen pou rekipere. Mwen bat bravo pou Depatman Sante a ak sektè NYC Health + Hospitals yo pou efò kontini yo pou ede asire ke nou devan nan konba kont COVID pwolonje a nan peyi a."

Fowòm nan ap genyen ladan l espesyalis, klinisyen, syantifik sosyal, defansè, ak lòt pati ki enterese pou pataje eksperyans, ekspètiz, ak opinyon yo. Diskisyon ak rezilta yo ap bay entèvansyon Eta a enfòmasyon sou COVID pwolonje a—ki enkli politik, règlemantasyon, ak konsiderasyon pwogram—pou sipòte Nouyòkè ki afekte yo ansanm ak founisè swen sante k ap pran swen yo.

**Komisè Sante Eta a, Doktè Mary T. Bassett, te deklare,** "Analiz defi ke COVID-19 la pote jodi a, pèmèt nou kreye solisyon pou Nouyòkè demen yo. Nan premye evènman nan kalite sa pou Eta a, Depatman an ap reyini ansanm lidè sante piblik, sivivan, ak defansè yo pou abòde COVID pwolonje a pou pasyans ak founisè yo menm jan. Depi nouvo viris sa te premye rive nan peyi Etazini, avèk New York ki se youn nan premye

arè ki te frape pi fò yo, Depatman Sante Eta a te angaje pou idantifye epi devlope yon repons konplè pou COVID pwolonje a."

Yon pòsyon Nouyòkè ki te afekte anvan pa COVID-19 la kontinye eksperimente yon seri sentòm fizik, mantal, emosyonèl, a ak psikolojik ki afekte lavi kotidyen yo. Sentòm ki asosye ak COVID pwolonje a ka varye anpil, soti nan sentòm kadyovaskilè tankou palopitasyon kè rive nan difikilte pou respire ak anpil fatig epi sa ka enkli difikilte pou konsantre oswa lòt sentòm psikolojik.

Sentòm COVID pwolonje yo ka rive menm si maladi COVID inisyal la pa t grav epi yo ka dire pandan plizyè mwa oswa menm yon ane. Pandan syantifik yo toujou ap travay pou konprann COVID pwolonje a, Eta a angaje pou reyini ansanm yon seri espesyalis sante ak syantifik pou fòmile yon repons enpòtan pou reponn ak fenomèn sa. Nan dat 26 janvyè, Gouvènè Hochul te anonse ke Eta New York ap ofri opòtinite edikatif nouvo, sou entènèt pou ede travayè yo ki kwè yo te pran COVID-19 akòz yon ekspozisyon nan travay, espesyalman sila yo ki souffri sentòm kontinyèl alontèm. Nouvo evènman sa apiye efò sa yo.

Li gratis epi l ap fèt vityèlman epi louvri pou piblik la. L ap fèt 8:45 a.m. pou 2:30 p.m. Senpozyòm nan ap prezante twa panèl diskisyon separe pandan tout jounen an. Orè evènman se konsa:

- 8:45 am - 9:00 am: Entwodiksyon Komisè Sante Eta a, Doktè Mary T. Bassett
- 9:00 am - 10:30 am: Yon premye panèl rechèch k ap prezante pi plis sa nou konnen deja ki enkli aspè epidemyoloji pwoblèm nan, koz biyolojik, gwoup li afekte pi grav yo, ak efò rechèch aktyèl yo.
- 11:00 am - 12:30 pm: Yon panèl ekpè klinik ap diskite sou divès manifestasyon ak prezantasyon COVID pwolonje a, faktè risk, ak enstriksyon pou tretman nan divès popilasyon ak paramèt laj, ras/gwoup etnik, ak jewografi.
- 1:00 pm - 2:30 pm: Yon panèl entegre k ap konsantre sou politik ak rezilta fonksyonèl yo ap bay rekòmandasyon pou politik, pwogram, ak inisyativ ke Eta NY ka itilize kòm yon kad pou abòde COVID pwolonje a epi ede nan rekipasyon fizik, sosyal, ak psikolojik moun ki afekte pa COVID pwolonje yo.

Nouyòkè yo ka enskri pou evènman gratis vityèl la [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)